



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 18 avril 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$250,000 DOLA NAN PRIM SUNY POU SIPÒTE INOVASYON AK RECHÈCH
MEDIKAL**

\$50,000 te atribye a Senk Chèchè SUNY pou amelyore swen medikal ak Teknoloji

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke senk nouvo pwojè te chwazi pou investisman pa Finansman Akselere Teknoloji SUNY (TAF), sa ki akselere devlopman ak komèsyalizasyon inovasyon ki te kreye pa elèv SUNY, pwofesè, ak anplwaye. Pwojè yo, sa ki gen ladan avansman nan imajri medikal, famasetik, pwodui chimik, petwo-chimik, ak teknoloji rafinri, te atribye yon total de \$250,000, sa ki pote TAF a plis pase \$1 milyon dola nan sipò inovasyon nan SUNY.

“Finansman an ap ede elèv New York yo ak pwofesè pyonye klas mondyal SUNY nou yo a pwochen jenerasyon teknoloji sovetaj,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Nan investi nan chèchè nou yo, nap asire ke SUNY ap kontinye montre chemen avèk pwogrè de pwent nan medsin. Mwen felisite moun ki resevwa prim yo e map rete tann pou m wè travay yo ede chanje vizaj medsin modèn lan.”

“Rechèch ak dekouvèt tankou sa yo ki finanse jodia ap amelyore kominote nou yo, sante, ak ekonomi nou,” te deklare Chanselye SUNY Nancy L. Zimpher. “Atravè Finansman Teknoloji Akseleratè, nou anmezi pou sipòte pwojè rechèch pwometè nan aparasyon yo, bay syantis SUNY yo grenn finansman yo bezwen pou pwogrese travay yo ak finalman wè l atravè pwosesis komèsyalizasyon. Konpliman a elèv ak pwofesè yo ki te resevwa finansman pou pwojè yo jodia.”

“Investisman TAF SUNY soutni investisman enpòtan rechèch klas mondyal pou pwochen investisman ak devlopman, ak reprezante inovasyon SUNY ki pozisyon pafètman pou gwo enpak komèsyalizasyon,” te deklare RF Prezidan ak Vis Chanselye SUNY pou rechèch Dr. Tim Killeen. “Pwojè sa yo reprezante nivo ak anplè rechèch ki fèt chak jou sou kanpis SUNY yo nan eta ak souliye potansyalite pou fòme patenarya dirab anba START-UP NY.”

SUNY rekonèt lajman paske li revolisyone endistri imaj medikal, kòmanse nan ane 1970 yo pou rive a Imaj Rezonans Mayetik (MRI) rechèch ki te fèt nan SUNY Downstate Medical Center ak Stony Brook University. Jodia, endistri a jenere yon enpak ekonomik apeprè \$100 bilyon dola chak ane.

Haitian Creole

De nan nouvo investisman TAF ap kontinye rechèch MRI SUNY:

University nan Buffalo

Leslie Ying, PhD, asistan pwofesènan biyomedikal jeni nan Inivèsite nan Buffalo te kreye yon algoritm ki akselere pwosesis done ak rekonstriksyon tan imaj pou eskanè MRI. Teknoloji sa pran avantaj konplè de gwo done ki akèri pa eskanè yo pou amelyore kalite ak pouvwa dyagnostik rezilta imaj yo.

Stony Brook University

Balaji Sitharaman, PhD, asistan pwofesènan biyomedikal jeni nan nan inivèsite Stony Brook, ap devlope yon nouvo kabòn nano-strikti ki baze sou ajan kontras MRI pou imaj ren. Ajan kontras la se idwosolib epi li bay pi bon rezilta imaj nan doz ki nètman pi fèb.

Twa pwojè adisyonèl yo kap resevwa investisman TAF jodia se:

SUNY College of Nanoscale Science and Engineering and SUNY Downstate Medical Center.

Yon platfòm tès depistaj pou evalyasyon medikaman glokòm ki devlope pa Doktè Susan Sharfstein, Magnus Bergkvist, ak Yubing Xie nan SUNY College of Nanoscale Syans ak Jeni an kolaborasyon avèk Doktè John Danias nan SUNY Downstate Medical Center.

SUNY Upstate Medical University

Enfizyon minim envaziv ak pou terapi aspirasyon (MIST), yon nouvo aparèy medikal orijinal ki retire likid nan vant ki akimile ki danjere ki koze pa twomatis, sepsis, oswa boulw ki devlope pa Gary Nieman, M.D., asosye pwofesè chiriji, nan SUNY Upstate Medical University.

University nan Buffalo

Konpoze ki rekipere metal presye ak chè ki te pèdi pandan pwosesis chimik yo ap devlope pa Steven T. Diver, PhD, pwofesè chimi, University nan Buffalo.

Teknoloji sa yo te chwazi pou investisman, grasa yon pwosesis evalyasyon rigoure, avèk patisipasyon espesyalis ekstèn nan diferan domèn syans, teknoloji, ak devlopman biznis. Faktè yo ki te konsidere pou prim lan gen ladan disponibilite pwoteksyon pwopriyete entèlektyèl, piblisite, potansyèl komèsyal, posibilite, ak enplè enpak la.

Depi lansman l nan ane 2011, TAF te investi plis pase \$1 milyon dola pou avanse avèk siksè preparasyon komèsyal de 16 inovasyon ki devlope pa SUNY, e li te katalize investisman de yon \$1.6 milyon dola adisyonèl ki soti nan men patnè ekstèn, sa ki gen ladan ajans federal, lisans endistri yo, ak investisè angel.

Anvan investisman TAF te pwodui lisans ak akò manifakti ansanm avèk siksè sipò demaraj. Yo gen ladan Shirley, sistèm Medical Biodex New York otorizasyon pou lisans ak fabrikasyon yon aparèy medikal pou ede sa pral gen enpak sou plizyè milye vi, ak fòmasyon HocusLocus, yon konpayi demaraj te pwodui yon teknoloji ki rapòte si yon molekil RNA patikilye prezan andedan selil la. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale

Haitian Creole

sou www.rfsuny.org/TAF.

Enfòmasyon sou Fondasyon Rechèch pou State University of New York

Fondasyon Rechèch pou SUNY (RF) se fondasyon ki pi enpòtan pi konplè ki relye a rechèch inivèsitè nan peyi a. RF jere pòtfolyo rechèch SUNY nan bay pwogram ki esansyèlman pou bay pwogram ki finanse, administrasyon ak sèvis sipò inovasyon pou gwoup pwofesè SUNY k ap fè rechèch nan syans lavi ak lamedsin; jeni ak nano-teknoloji; syans fizik ak enèji; syans sosyal, epi òdinatè ak syans enfòmasyon. RF deplase lide ak envansyon SUNY nan mache a nan travay ansanm avèk biznis ak endistri pou kreye nouvo opòtinite ak nouvo travay pou Eta New York. Pou jwenn plis enfòmasyon sou RF vizite www.rfsuny.org.

Enfòmasyon sou State University of New York

State University of New York se pi wo sistèm inivèsite konplè nan peyi Etazini, k ap fòme apeprè 463.000 etidyan nan plis pase 7.500 pwogram diplòm ak sètifika, ak plis pase 1,8 milyon sitwayen NYS nan pwogram devlopman pwofesyonèl ak anrichisman pèsònèl ak 64 kolèj kanpis inivèsite. Genyen preske 3 milyon ansyen etidyan SUNY nan lemonn. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason SUNY kreye opòtinite, ale nan sitwèb www.suny.edu.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418